



AFRO-AMERINDIA HAITI

Nou salye nou nan limyè ak dife renmen Lesprisen an ki toujou la pou rechofe nou pou ede nou pran wout bon nouvèl la pou nou pa pèdi Lespwa. Se nan menm sans sa nou vle toujou gade ansanm epi ankouraje youn ak lòt nan reyalite malouk peyi nou an e rès mond la ak konkou Lesprisen an.

Kòm nou konnen deja e n ap fe nou sonje, e pou sila yo n ap envite pou premye fwa : AMERINDIA se yon inisyativ yon gwoup kretyen, layik kou relijye, pè ak evèk, syantis sosyal yo nan karayib la ki kretyen mete sou pye pou yo gade epi reflechi sou reyalite lavi a ak lafwa yo nan Jezi nèg Nazarèt la. Objektif li se pou youn soutni lòt nan lafwa epi ede sa ki pi piti yo dekouvri e konsyan de prezans Bondye chak lavi yo. Sa vle di fè teyoloji sou lavi a ansanm.

Nou wè nou nan yon moman espesyal an Ayiti tankou nan tout mond la, kote nou tout nou vle chanjman, yon chanjman pwofon. Pou sa rive fèt fòk tout pitit tè a patisipe nan chanjman sa. Se pou rezon sa nou kwè, amerindia tankou gwoup ki fasilite nou yon espas refleksyon sou reyalite a, epi pou chache pwopoze kèk altènatif ansanm nan reyalite nou, nou kwè chaj jou pi plis se yon ekzijans pou nou toujou chache mwayen pou reyini ansanm pou nou reflechi ansanm, chache altènatif epi ankouraje youn ak lòt. Se poutèt, nan mitan tout difikilte peyi nou an ye, nou pa vle rete bwa kwaze, nou vle kontinye reflechi ansanm epi ankouraje youn ak lòt pou nou pa pèdi espwa. E nou konnen tou ki kalite gwo kokenn jenn angajman ou genyen nan sosyete a, sa mande anpil disèneman nan kado bon konprann Lesprisen an.

Se pou sa nou envite e konvoke ou nan yon rankont lendi 2 novanm a 9vè 30 lan nan CEFOI (Centre de Formation Inter Congrégationel), # 15, Enpas Sen Mac, Wout Frè, antre sou kote legliz Mòmon yo joun nan denye bout enpas la denye kay la. Se pou nou ka kontinye gade epi reflechi ansanm reyalite a, konsa pou nou rive ak kèk altènatif pou soutni lafwa nou ansanm.

Nou anbrase nou ak chalè akourajman Lesprisen an...